


CHITEMA MUSANGANO




A woman with brown hair tied back, eyes closed, and hands open in a meditative pose. Inside her torso, there is a glowing scene of a white dove with spread wings standing in a hallway of classical columns. The background is a warm, golden sunset or sunrise with soft light rays and some foliage on the left.

“Hamuzivi here kuti
muviri wenyu itembere
yoMhaya Mutsene, uri
mukati menyu,
wamakapiwa naMhari?
Hamuzi venyu;nokuti
makatengwa nomutengo;
naizozo kudzai Mhari
mumuviri wenyu”
(1 VaKorinte 6:19, 20)

Muzvitsauko 5 kusvika ku7 zveTsamba yekutanga kuVaKorinte, Pauro anonyanya kushanda kubvisa chivi chakanga chadzika midzi musangano reKorinte: unzenza hwepabonde.

Chivi ichi chainge chakawedzerwa nezvimwe zvakadai sekugumburana nekubiridzirana pakati pehama pachadzo, izvo zvakazopedzisira vakuendesana kumatare emutemo.

Achishandisa mutauro wakajeka uye wakananga, Pauro haangoratidzi chivi chete, asi anopawo nzira dzekugadzirisa nayo, pamwe chete nedzekudzivirira kuwira machiri zvakare.



Chitema musangano

Chitema chekuziva

Kubviswa zvachose kwechitema

Kugadzirisa matambudziko emukati

Nzira yekudzivirira nayo chivi musangano

Temberi dzaMweya Mutsvene

Hukama hwepabonde huri pamutemo

CHITEMA MUSANGANO



CHITEMA CHEKUZIWA

"Munozikudza, hazizaiva nani here kana makacema, kuti uyo wakabatebasa iri abviswe pakati penyu?" (1 VaKorinte 5:2)

Musangano reKorinte maivemo "upombge bgakadaro bgusingazikanwi kunyange pakati pawahedeni" (1 VaKo. 5:1).

Nyaya yehukama hwepabonde pakati pehama dzepedyo mukati mesangano yaiva nyaya yakakomba zvikuru. Asi mamiriro ezvinhu akatonyanya kuipa nekuti, pachinzvimbo chekunzwa kusvotwa nechiiro ichi, nhengo dzesangano dzaitozvirumbidza nekuchirega chichienderera mberi (1 VaKorinte 5:2)



Sangano raiwanzova nevanhu vasiri vaJudha. Hana dzavo dzaivaudza kuti ukama hwepedyo hwepabonde (incest) haufaniri kushivirirwa. Pamusoro pezvo, ruzivo rwavo rweMagwaro rwaitsigira pfungwa iyi (Revhitiko 18:8).

Kana vaiziva zvakajeka kuti hukama uhwu hwaiva hwechivi... sei vaizvirumbidza nahwo (1 VaKorinte 5:6)? Mhuri yacho irimunyaya yaiva nesimba here musangano? Vaizvirumbidza here kuti vaiva musangano rinoshivirira vatadzi? ...


KUBVISWA ZVACHOSE KWECHITEMA

"Asi avo vari kunze. Mhari unobatonga. Bvisai pakati penyu munhu uyo wakaipa." (1 VaKorinte 5:13)

Nyaya yacho yehupombwe hwepedyo (incest) yakanga yatova chinhu "chinozivikanwa nevanhu vose" (1 VaKorinte 5:1), saka paifanira kutorwa matanho ekukurumidza kudzivirira kukanganisa mukurumbira wesangano. Ndeapi matanho aifanira kutorwa?




Kuita mutongo unosimbisa, kana kusasimbisa, mhosva yemunhu (1 VaKorinte 5:3)



Usabatana nemutadzi, kana kutombodya naye, chero bedzi achiramba achiti inhengo yesangano asi asingadi kusiya chivi chake (1 VaKorinte 5:11)



Kudzinga mutadzi nekumuisa mumaoko aSatani, sezvo nekuda kuchengetedza chivi ichi, akazvisarudzira ega kuisa hupenyu hwake pasi pejoko raSatani (1 VaKorinte 5:2b, 5a, 13b)



Kuranga kwesangano (zvisinei nekurema kwechivi) kunofanira kugara kune chinangwa chekudzikinura. Kukanganisa kwomunhu wacho kunofanira kujekeswa kuti agozviziva, atendeuke, uye "aponeswe pazuva raShe" (1 VaKorinte 5:5).



KUGADZIRISA MATAMBUDZIKO EMUKATI

"Ko kana mumje wenyu anemhosa nomumje, ungatsunga kumukwirira kunavasakarurama, akasamukwirira kunavatsene here?" (1 VaKorinte 6:1)



Mushure mekutsanangura nzira yekugadzirisa nyaya dzechivi mukati mesangano, Pauro anovatsiura nekusatevedzera gwara rakakodzera uye nekutora makakatanwa ari pakati pevatendi vachiendesa kudare renyika (1 VaKorinte 6:1-6). Asi Pauro anoenda mberi achibata mudzi wedambudziko racho.

➔ **Chekutanga, hakufaniri kuva nekukakavadzana pakati penhengo dzechечи (1 VaKorinte 6:7a) uye, zvechokwadi, nhengo hadzifaniri kuitira imwe nhengo zvakaipa kana kuibira (1 VaKorinte 6:8).**

➔ **Chechipiri, hama dzinofanira kunge dzichida kuregerera mhosva yacho (1 VaKo. 6:7b).**

➔ **Chechitatu, kana pasina chibvumirano pakati penhengo, sagano rinofanira kutonga kana kureverera pakati pavo (1 VaKo. 6:2).**

Kunze kwekunge iri nyaya yemhosva(criminal matter) (VaRoma 13:1-5), matambudziko ari mukati mesangano anofanira kugadziriswa mukati mesangano racho.



“Ibasa redu kuziva zvikanganiso nezvivi zvedu zvakakosha, izvo zvinounza rima nekushaya simba pamweya, uye zvinodzima rudo rwedu rwekutanga. Ko inyaya yekuda zvinhu zvenyika here? Kuzvida iwe pachako here? Kuda kukudzwa kana kuzvikudza here? Kushuvira kuva wekutanga here? Chivi chekutevera zvido zvenyama chine simba guru here? Chivi chevaNikoiraita here, chekushandisa nyasha dzaMwari senzira yekuzvipira kuhupombwe netsvina? Kushandisa zvisizvo chiedza chikuru, mikana, nekukudzwa kwatakapiwa, tichizvirumbidza nehuchenjeri neruzivo rwechitendero, asi hupenyu nehunhu hwedu zvisingaenderane nazvo uye zvichiratidza tsika dzakaipa here? Chero chii zvacho chawakachengetedza nekukudziridza kusvika chava nesimba guru uye chava kukukunda, ita nhamburiko dzakasimba kuti uchikunde, kana zvisina kudaro uchaparara.” -Non-Official translation by Gift Mawoyo

EGW (Ye Shall Receive Power, December 18)

NZIRA YEKUDZIVIRIRA

NAYO CHIVI

MUSANGANO



TEMBERI DZAMWEYA MUTSVENE

"Hamuzivi here kuti muviri wenyu itembere yoMneya Mutsvene, uri mukati menyu, wamakapiwa naMnjari? Hamuzi venyu"
(1 VaKorinte 6:19)



Mushure mekutura nezvenyaya yekupomerana mumatare, Pauro anodzokera kunyaya huru: unzenza hwepabonde mukati mesangano. Ngenyi zvakanga zviripo?



MaKristu anodanirwa kuva vatsvene (1 VaKorinte 6:11), uye izvi zvinoreva kusava nechivi zvachose. Asi vamwe vaitoti sezvo zvivi zvavo zvakanga zvatorergererwa, vaigona kuita zvavaida nemiviri yavo. Ndosaka Pauro achijekesa kuti“muviri hauzi wouupombge” (1 VaKo. 6:12-13).

Nharo yake: miviri yedu mitezo yaKristu. Hatingatore nhengo yaKristu toibatamidza nepfambi kana mhombwe (1 VaKo. 6:15-18).

Pakupedzisira, inotitungamirira kukufungisisa pamusoro pechinhu chakakosha: miviri yedu itemberi dzaMweya Mutsvene uye, naizvozvo, haisi pfuma yedu, asi ndeyaMwari (1 VaKo. 6: 19). Mwari akatitenga neropa rinokosha roMwanakomana wake, saka tinofanira kukudza Mwari mumuviri nomumweya wedu (1 VaKo. 6:20).



HUKAMA HWE PABONDE HURI

"Asi nokuda kwoupombge, murume mumne nomumne ngaave nomukadzi wake, nomukadzi mumne nomumne ngaave nomurume wake." (1 VaKorinte 7:2)



Nokupindura mimwe mibvunzo yakanga yamutswa nesangano reKorinte, Pauro anotibatsira kunzwisisa kuti tingatiza sei upombwe (1 VaKo. 7:1).

Muchidimbu: vanhu vakaroorana vanofanira kunakidzwa nehukama hwepabonde huri pamutemo nemumwe wavo; vanhu vasina kuroora kana kuroorwa havafaniri kuita zvepabonde nemunhu chero upi zvake.

Varoorani havafaniri kuramba kuita zvepabonde kuitira kudzivirira kukonzera mumwe wacho kuti angangopinda muupombwe (1 VaKo. 7:3-5).



Vanhu vasina kuroora kana kuroorwa vane chipo chokuzvidzora vanogona kushandisa zviri nani mikana yokushumira Mwari pasina ganhuriro dzinobva mukutarisira mhuri (1 VaKo. 7:6-8, 32-34).

Vanhu vasina kuroora kana kuroorwa vasina chipo chekuzvidzora vanofanira kuedza kuroora kuti vadzivise miedzo (1 VaKo. 7:9).



“Pakubatsira avo vari kutsauka panzira kwayo, meso ose ngaatarisire kuna Kristu. [...] Ngavataure kune avo vari kutsauka nezve tsitsi dzoMuponesi dzekuregerera. Ngavakurudzire mutadzi kuti atendeuke, uye atende muna Iye anokwanisa kuregerera. [...]

Sagano ngarigamuchire nekutenda kwakadzama kutendeuka kwemutadzi. Uyo ari kutendeuka ngaabudiswe murima rekusatenda achipinzwa muchiedza chekutenda nekururama. Ruoko rwake runodedera ngaruiswe muruoko rwaJesu rune rudo. Kuregererwa kwakadai kunosimbiswa kudenga. -Non-Official translation by Gift Mawoyo